

AVANSE DWA FANM AK TI FI AYISYEN: TRANSISYON AYITI AK PÈRYÒD KI VIN APRÈ

Vin patisipe ak Fanm Ayisyen yo nan yon evenman paralèl sou Fanm ak Tifi an Ayiti pandan peryòd sesyon Komisyon sou Kondisyon Fanm yo (CSW), 14 Mas la, 12:30 pou 2:00 PM. Yon panèl kote Fanm Ayisyen-aktivis pou dwa Fanm ak Tifi ak Chèf Gwoup Travay Nasyonzini sou Diskriminasyon kont Fanm ak Tifi pral brase lide sou kòman rezoud pwoblèm pou mobilize pou dwa Fanm ak Tifi ak yon ajanda politik feminis nan peryòd kriz la ak apre, ak kijan patnè solidè deyò Ayiti yo ka soutni travay yo.

Tradiskyon an fransè ak kreyòl ayisyen ap disponib.



14 MAS 2025
12:30-2:00 PM



CHURCH CENTER,
777 UNITED NATIONS PLAZA,
NEW YORK, NY 10017



RSVP, PATISPE OSWA
APRANN PLIS

PANELIS



SOUZEN JOSEPH

DIREKTÈ EGZEKITIF 100%
FANM



LAURA NYIRINKINDI

CHÈF GWUP TRAVAY
NASYONZINI SOU
DISKRIMINASYON KONT
FANM AK TI FI (WGDAWG)



**LUCIA D. PASCALE
SOLAGES**

KOÒDONATÈ JENERAL
NÈGÈS MAWON



NATHALIE VILGRAIN

KOÒDONATÈ JENERAL
ÒGANIZASYON FEMINIS
MARIJÀN

MODERATÈ



CARINE JOCELYN

FONDATÈ HAITIAN
WOMEN'S COLLECTIVE
(HWC)



HWC
Haitian Women's Collective



Moderatè : Carine Jocelyn se yon lidè ak ekzekitif nan sektè ONG ki gen plis pase 25 lane eksperyans nan domèn sèvis moun kòm yon administratris konpetan, fòmatri, ak responsab pwogram. Li se fondatris CJ Consulting, ki bay sipò òganizasyon yo atravè asistans teknik, ranfòsman kapasite, ak kowòdinasyon egzekitif. Madam Jocelyn gen plis pase 15 lane eksperyans travay an Ayiti, kote li te mete sou pye yon sant sante kominotè ki toujou ap fonksyone nan Pòtoprens. Li te tou Direktè Egzekitif Profamil, youn nan pi gwo òganizasyon ki bay sèvis planifikasyon fanmi, sante seksyèl ak repwodiktif an Ayiti. An 2017, li te fonde The Haitian Women's Collective pou kontinye angajman li an favè Ayiti, fanm ak tifi. Kounye a, li ap travay pou lanse yon Fon pou Fanm Ayisyèn an 2025. Madam Jocelyn eli nan konsèy administrasyon Beyond Borders, We Prosper Coalition, ak The Support Center for Nonprofit Management nan New York. Li te dènye Prezidan Konsèy Haiti Adolescent Girls Network, ki rekonèt entènasyonalman pou modèl espas sekirize pou tifi yo.

Panalis : Souzen Joseph se yon jounalis Ayisyen, pwodiktè televizyon ak aktivis feminis ki dedye karyè li nan avansman kilti, edikasyon, dwa fanm ak egalite ant sèks yo. Avèk plis pase 16 lane kolaborasyon ak Televizyon Nasyonal d Ayiti, li etabli tèt li kòm yon vwa enpòtan nan medya ak defans dwa moun. Li travay tou ak plizyè lòt òganizasyon imanite ak dwa moun, tankou Mouvman Red Cross Red Crescent ann Ayiti. Kounye a, Souzen se Direktè Egzekitif 100% Fanm, yon òganizasyon feminis Ayisyen ki konsantre sou ranfòsman kapasite fanm kiltivatè yo atravè pwogram ak inisyativ estratejik. Travay li santre sou adrese pwoblèm esansyèl tankou sante seksyèl ak repwodiktif, jistis sosyal, edikasyon ekitab, otanizasyon fanm ak tifi, chanjman klimatik, migrasyon ak deplasman.

Panalis : Laura Nyirinkindi se Prezidan Gwoup Travay Nasyonzini sou Diskriminasyon Kont Fanm ak Tifi (UN WGDWAG), kote li te vin manm depi novanm 2023. Li se Konsiltan nan Pro Initiatives Agency, yon kabinè dwa moun ki baze an Ouganda. Li te okipe plizyè pozisyon lidèchip nan sosyete sivil Afrik, Ewòp ak Amerik, pou asire dwa fanm yo gen plis vizibilite nan mouvman dwa moun yo. Kòm yon espesyalis nan dwa fanm, egalite ant sèks yo, gouvènans ak règ lalwa, Madam Nyirinkindi te sèvi nan Komite Sosyete Sivil Bank Devlopman Afriken an, kote li te defann devlopman sosyo-ekonomik ki enkli fanm sou kontinan Afriken an. Kounye a, li se Vis Prezidan Rejyonal pou Afrik nan Federasyon Entènasyonal Fanm Avoka yo (FIDA), kote li ankouraje kowòdinasyon pou defann dwa fanm ak tifi atravè lemond sou baz aksyon kolektif ak valè pataje.

Panalis : Lucia D. Pascale Solages se yon figi enpòtan nan mouvman feminis ak òganizasyon kominotè, li rekonèt pou devouman li pou avansman dwa fanm ak tifi ayisyen yo atravè lidèchip li nan NÈGÈS MAWON, youn nan pi gwo òganizasyon feminis Ayiti genyen. Li angaje tou nan batay feminis sou plan entènasyonal la, kote li kolabore ak gwo òganizasyon tankou Black Feminist Future, Equality Fund, South Feminist Future ak EQUIPOP, ansanm ak ajans entènasyonal tankou UNFPA, Plan International ak World Vision. Avèk plis pase dis ane angajman, Pascale se yon defansè enpòtan nan jistis repwodiktif, eliminasyon vyolans sou fanm, epi ankouraje patisipasyon aktif yo nan lavi piblik.

Panalis: Nathalie Vilgrain se yon aktivis feminis ayisyano-kanadyèn ki angaje nan jistis sosyal, ranfòsman kapasite òganizasyon lokal yo, ak filantwopi feminis. Li se ko-fondatris ak premye Kowòdonatris Jeneral MARIJAN, yon òganizasyon feminis ayisyen. Li se Prezidan Konsèy Administrasyon Harambec, yon òganizasyon feminis ki sipòte otonomizasyon kominote Nwa yo nan Kanada. Nathalie kolabore tou ak plizyè òganizasyon feminis ki ap defann reprezantan politik fanm yo, dwa travayè seksyèl yo, kominote LGBTQI, epi enklizyon fanm nan gouvènans minisipal la.